

SS.7.C.3.8

Analize strikti, fonksyon yo, ak pwosès branch lejislatif, ekzekitif ak jidisyè yo.

Epitou Evalye

SS.7.C.3.9 - Ilistre pwosesis moun ki fè lwa lokal, eta a, ak nivo federal.

SS.7.C.3.8 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 1: Elèv yo ap gen pou egzaminen pwosesis lejislatif la, ekzekitif la ak branch jidisyè a nan gouvènman an.

Gouvènman Etazini an te kreye ak twa branch separe: lejislatif la, ekzekitif la, ak jidisyè a. Chak branch yo òganize trè diferan, yo gen travay ak responsablite diferan, e yo gen pwòp pouvwa inik yo ki byen aranje.

Branch Lejislatif la

Branch lejislatif la gen ladann **Chanm Reprezantan** an ak Sena a. Yo tout met ansanm se moun ki fè lalwa nan peyi Etazini, yo rele yo **Kongrè**. Atik premye nan Konstitisyon an pale de pouvwa yo ak kijan òganizasyon Kongrè a. Travay prensipal Gason/Fanm kap travay nan Kongrè a se fè lwa yo.

Nan nivo federal la, pwosesis nan kijan yon **pwòjè lwa** ka vinn tounen yon lwa ka difisil. Chak pwòjè lwa kòmanse tankou yon ide. Yon ide pou yon lwa kapab soti nan men **Reprezantan Etazini** yo, **Senatè** yo, **prezidan** an, oubyen tou **sitwayen** òdinè yo.

Yo rele yon ide pou vinn yon lwa yon **pwòjè lwa**. Pwòjè lwa yo ka pwopoze swa nan chanm (lanchanm) Kongrè a (Chanm Reprezantan yo oswa Sena a). Tou depann de ki chanm nan Kongrè ki pwopoze pwòjè lwa a, yo pral voye l nan **komite** apwopriye a ki regle koze pwòjè lwa a. Komite sa a pral fè rechèch sou pwòjè lwa a. Gen anpil komite nan Kongrè a, e chak manm nan Kongrè a sèvi sou youn oswa plis komite.

Après komite a fin fè rechèch li yo ak pale de pwòjè lwa a, komite a deside si pwòjè lwa a ta dwe pase nan lòt etap la pou vinn tounen yon lwa. Si komite a dakò pou yo pouse pou pi douvan ak pwòjè lwa a, pwòjè lwa a pral pase devan tout chanm Kongrè a kote l te premye prezante a (swa Chanm Reprezantan yo oswa Sena a) yon fason pou yo ka fè deba epi pou vote sou li. Si chanm Kongrè sa vote pou pwòjè lwa a (pa ekzanp, Chanm Reprezantan Etazini an), pwòjè lwa a lè sa a, pral pase nan lòt chanm Kongrè a (egzanp, Sena peyi Etazini an) pou plis deba ak diskisyon. Finalman, lòt chanm Kongrè a pral vote sou pwòjè lwa a. Si manm nan chanm sa a vote pou pwòjè lwa a, yo pral lè sa a mande prezidan an pou siyen pwòjè lwa a, epi fè li vinn yon lwa.

Si gen plis pase 10 jou ki rete nan sesyon kongrè a, prezidan an ka pran youn nan twa aksyon sa yo: 1) Prezidan an kapab chwazi pou siyen pwòjè lwa a vinn lwa, 2) prezidan an kapab chwazi **veto** (rejte) pwòjè lwa a, oswa 3) prezidan an ka chwazi pa pran okenn aksyon sou pwòjè lwa a. Yon pwòjè lwa vinn lwa si prezidan an pa pran aksyon sou pwòjè lwa a e gen omwen 10 jou rete nan sesyon kongrè a. Lè prezidan an pa pran okenn aksyon ak pi piti ke 10 jou ki rete nan sesyon kongrè a, yo rele sa yon veto pòch (*yon veto endirèk nan yon pwòjè lwa lejislatif ki siyen anba men prezidan an oswa yon gouvènè pou jiskaske li twò ta pou yo pou yo ta fè fas avèl pandan sesyon lejislatif la*).

Branch Ekzekitif la

Dezyèm branch gouvènman Etazini an se branch ekzekitif lan. Branch ekzekitif la enkli Prezidan ak Vis Prezidan an. Travay prensipal branch ekzekitif la se aplike lwa yo. Atik II (de) Konstitisyon an fè konnen pouvwa prezidan an genyen.

Si prezidan an pa dakò ak yon pwòjè lwa patikilye ke Kongrè a te pase, Konstitisyon an bay prezidan an pouvwa pou veto (*dwa pou refize pou fè yon pwòjè lwa vinn yon lwa*) pwòjè lwa a.

Sa a se yon pati enpòtan nan sistèm **kontwòl ak balans yo** pou fè sèten ke pa gen okenn branch nan gouvènman an gen twòp pouvwa sou lòt. Si yon pwojè lwa vîn yon lwa, prezidan an kòm direktè ekzekitif nasyon an dwe fè koul konnen pou ke lwa Kongrè a pase yo respekte.

Prezidan an te gen pouvwa tou pou pase anpil **lòd ekzekitif**, ki se desizyon ki gen lalwa bay jarèt. Pa ekzanp, yon lòd egzekitif ki te siyen anba men Prezidan Franklin Roosevelt nan lanne 1942 te pèmèt **fòs enteryè** sitwayen Ameriken yo ki soti nan ras Japonè pandan **Dezyèm Gè Mondyal la**. Kongrè a pa oblije apwouve lòd Ekzekitif yo, byenke **Tribinal Siprèm Etazini** an ka remake yo pa konstitisyonèl e fè grèv pou demantle yo. Sa a se yon lòt ekzanp Kontwòl ak balans.

Prezidan an gen pouvwa a nonmen (chwazi) anpil moun pou sèvi nan diferan pozisyon nan gouvènman an. Yo konnen yo tankou **randevou prezidansyèl yo**. Men ekzanp sou randevou prezidansyèl yo ki gen ladan **kabinè** prezidan an, **Jistis** Lakou Siprèm Etazini yo, ak **anbasadè** nan diferan peyi yo. Kòm yon pati nan sistèm kontwòl ak balans la, Sena a dwe apwouve randevou prezidansyèl yo. Sa a se yon kontwòl sou pouvwa prezidan an pou nonmen moun ki pa kalifye pou yon seri de pozisyon oswa moun ki ka gen pwoblèm ki ta kenbe yo pou yo ta efikas nan pozisyon yo a.

Branch Jidisyè a

Trazyèm branch la se branch jidisyè a. Branch jidisyè a enkli Lakou Siprèm nan, **tribinal federal**, ak tout **tribinal eta yo**. Atik III (*twa*) Konstitisyon an esplike estrikti tribinal Etazini.

Lakou Siprèm Etazini an se tribinal ki pi wo nan peyi a. Nan pifò ka yo, Lakou Siprèm nan gen **jiridiksyon dapèl**, ki vle di li gen pouvwa revize ka ki te deja te deside nan tribinal pi ba yo. Pafwa Lakou Siprèm peyi Etazini an gen **jiridiksyon**, ki vle di tribinal la gen pouvwa pou tande yon ka an premye. Ekzanp, ka ki gen dezakò ant de eta ta dwe jije nan Lakou Siprèm la.

Genyen anpil milye rekèt pou Lakou Siprèm lan ta tande anpil apèl chak ane. Yap aksepte pi piti pase 100 (*san*). Yon fwa Lakou Siprèm fîn revize yon apèl, Tribinal la deside si yo ka tande ka a oubyen si yo pa kapab. Tribinal la pral voye yon **manda ki soti nan tribinal an chèf yo bay lòt ti tribinal yo** si Tribinal la deside pou aksepte yon apèl.

Paske pifò ka ke Lakou Siprèm lan aksepte yo sou apèl gen pou wè ak kesyon konstitisyonèl yo, Lakou Siprèm la sèvi ak pouvwa li genyen yo nan **revizyon jidisyè a**. Revizyon jidisyè vle di ke Lakou Siprèm lan ka deside si wi ou non yon lwa konstitisyonèl. Olye de sa, Lakou Siprèm lan te entèprete Konstitisyon an pou montre ke li gen pouvwa sa a nan ka **Marbury v. Madison** (gade SS.7.C.3.12).

Tribinal yo sèvi ak pwosesis diferan pou yo fè travay yo. Pa ekzanp, tribinal la bay **lòd tribinal** pase yo, ki se dokiman ke yo mande pou yon moun fè oswa pa fè yon bagay. Pafwa, tou de opozan yo nan yon ka ki ka eseye petèt pi vit ak pwosesis tribinal la mande yon **jijman rezime**. Yo deside sou rezime yon jijman sou baz prèv yo bay nan tribinal la epi anpeche ka a al nan jijman.

anbasadè – yon moun yo voye tankou chèf reprezantatif pwòp gouvènman li a nan yon lòt peyi

Anprizònman fòse - kote yo kenbe yon gwoup moun, espesyalman lè gen lagè

Branch ekzekitif - branch nan gouvènman ki ranfòse lwa ke branch lejislatif la te fè yo

Branch jiridisyèl - branch gouvènman ki entreprète lwa ke branch lejislatif fè yo

branch lejislatif - branch gouvènman ki kreye lwa yo

Dezyèm Gè Mondyal la - yon lagè ki te kòmanse an 1937 nan Lazi, an 1939 an Ewòp, ak an 1941 nan peyi Etazini; li te dire jouk 1945 epi pi fò nan peyi nan mond lan te patisipe

Jiridisksyon orijinal - pouvwa yon tribinal genyen pou li se premye kote yo tande yon ka sou yon sijè espesifik

jiridisksyon dapèl - pouvwa pou tande ka dapèl nan ki te jije nan tribinal pi ba yo

jistis – tit yo te bay pou jij nan Lakou Siprèm Etazini yo

kabinè - moun ke prezidan an te mete an plas pou dirije depatman ekzekitif gouvènman an epi aji tankou konseye ofisyèl prezidan an

ki pa konstitisyonèl - ki pa tonbe dakò ak Konstitisyon peyi Etazini an

komite - yon gwoup manm nan Lachanm oubyen Sena a (oswa tou de) kap diskite epi fè deba sou pwopozisyon yo; yo ka petèt diskite tou pwoblèm enterè pou peyi a.

Kongrè - kò lejislatif nasyonal Etazini an, li gen ladan Sena a, Chanm wo a, ak Chanm Reprèzantan yo, oubyen chanm ba a

kontwòl ak balans - yon prensip nan gouvènman federal la, dapre Konstitisyon Etazini an, ki pèmèt chak branch nan gouvènman an limite pouvwa lòt branch yo

Lachanm Reprèzantan Etazini - chanm ba Kongrè Etazini an

Lakou Siprèm peyi Etazini - tribinal ki pi wo nan peyi Etazini; li chita sou tèt sistèm tribinal federal la

Lòd Ekzekitif - yon lòd ki soti nan anba men Prezidan oubyen ajans gouvènman epi yo dwe obeyi tankou lalwa

Lòd tribinal - yon jan de deklarasyon ke tribinal fè pou mande yon moun pou sispann fè oubyen pa yon bagay

manda ki soti nan tribinal an chèf la pou bay lòt ti tribinal yo - pwosedi pou yow è si Lakou Siprèm Etazini an ap gen pou tande yon ka; yon manda ki soti nan tribinal an chèf la pou bay lòt ti tribinal yo lè yon tribinal pi wo nivo dakò pou tande yon ka ke ti tribinal te deja deside sou li

Manm Kongrè - manm Kongrè Etazini an, tipikman yo itilize mo sa a pou adrese manm Chanm Reprèzantan Etazini yo

Marbury v. Madison – Nan ka Lakou Siprèm peyi Etazini an te etabli revizyon jiridik

prezidan - tèt branch ekzekitif la

Pwojè lwa - yon pwopozisyon pou yon lwa

randevou prezidan yo - pouvwa Prezidan peyi Etazini an genyen pou chwazi manm kabinè li yo, anbasadè pou lòt nasyon yo, epi lòt ofisyèl yo nan administrasyon li a.

Reprèzantan Etazini - yon manm nan Lachanm Reprèzantan Etazini an; yo eli reprèzantan yo nan distri yo nan chak eta

Revizyon jiridik - pouvwa branch jiridik la pou revise aksyon branch ekzekitif ak lejislatif yo epi detèmine si yo pa konstitisyonèl (sa gen ladan lwa ke Kongrè a pase yo); Jijman Ka *Marbury v. Madison* nan Lakou Siprèm Etazini an te etabli pouvwa sa a

rezime jijman - yon jijman ke yon pwosè nan tribinal te deside san ka a pa al nan pwosè; yon rezime yon jijman se yon atant pou bloke yon ka pou li al nan pwosès

Sena Etazini - chanm wo Kongrè Etazini an

Senatè Etazini - yon manm Senatè Etazini ki te eli pou reprezante tout yon eta, chak eta gen de senatè

sitwayen – yon manm legal yon eta epi/oubyen yon peyi

tribinal eta - tribinal ki ap jere pwoblèm lwa yo ki an relasyon ak bagay sa yo ke Konstitisyon Etazini an pat bay gouvènman federal la e ki gen ladann nan yon konstitisyon eta a

Tribinal federal yo - tribinal ki deside sou ka sa yo genyen ladann entèpretasyon Konstitisyon yo ke Kongrè a pase; Lakou Siprèm Etazini an se tribinal ki pi wo sou peyi a e se li ki antèt tribinal sistèm federal la

veto - yon desizyon ke otorite ekzekitif tankou yon prezidan oubyen yon gouvènman pou rejte yon lwa ke branch lejislatif la te pase